# KÚYIK QALA ESTELIGI HAQQINDA JAZBA DEREKLER

**Sadikov Abdumumin Isaxovich**
**"Muhammad Al-Beruniy" atındaǵı orta arnawlı Islam bilim jurtı oqıtıwshısı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.8421598**

**Annotaciya:** Maqalada Kúyik qala esteliginiń payda bolıwı, geografiyalıq jaylasıwı haqqında sóz etildi. Tariyxshı alımlardıń jazba dereklerine salıstırmalı analiz berildi. Izertlewdın' tariyxıylıq, obektivlik principleri, salıstırmalı analiz metodlarınan keń paydalanıldı.
**Tayanısh sózler:** Kúyik qala esteligi, jazba derekler, xronologiya, topografiya, lokalizaciya.

Jazba dereklerdi analizlew arqalı Kerder oblastınıń jasaǵan dáwirinde anıqlawǵa boladı. Bunda Ibn-Xordabek, Yakuttıń jazba dereklerine súyengen halda Kerderdiń xronologiyalıq jaqtan ómir súriwi VIII ásirden baslap XIII ásirdiń basına shekem dawam etken.
Sońǵı jıllardaǵı arxeologiyalıq izertlewler arqalı alıngan maǵlıwmatlar, Ámiwdáryanıń oń jaǵasındaǵı mádeniyattı "Kerder" mádeniyatı dep, onı VI ásir aqırı, al ayrım maǵlıwmatlar boyınsha V ásirde payda bolǵan delinedi.
Bul fakt Kerder oblastınıń ómir súriwin xronologiyalıq jaqtan jáne de keńeytiwge imkaniyat tuwdıradı.
Endi Kerder qalası haqqındaǵı jazba dereklerdegi maǵlıwmatlarǵa súyengen halda onıń dáwirin belgilep ótemiz. Kerder qalası haqqında at-Tabari Kerderlilerdiń 728-jılı arablarǵa qarsı gúresinde; al soń al-Makdisi hám al-Istaxri Kerder qalasın esletip ótedi. Kerder haqqındaǵı sońǵı maǵlıwmattı 982-jılı jazılǵan "Xudud al-alem"nen bilemiz. Demek Kerder qala dárejesinde dereklerde úsh júz jıl (VIII asirden X ásirge shekem) ómir súrgen [1,32-34].
Kerder atamasın erterektegi at-Tabarida ushıratıw múmkin. Onda 728-jılı Kerderde jasawshı xalıqlar arablarǵa qarsı kəteriliske túrklerdiń járdeminde shıqqanı aytıladı (*Annales quos scripsit Abu-Djofar Mohammed ibn Djarir at-Tabari. Cum allis edidt M.I De Goeje II, str 1525*) .
Belgili rus orientalisti V.V.Bartoldtıń pikirinshe, bul jerde Xorezmniń sol waqıttaǵı Arqa shegara qalası Kerder haqqında səz etilip atır dep esaplanadı [2.82].
Bunnan sońǵı avtor arab geografı Ibn-Xordabektiń shama menen 865-jıllarda, "Kurder kəli" dep atalǵan yaǵnıy Aral tenizine quyıwshı dárya haqqında jazıp qaldırılǵan. V.V.Bartoldtıń pikirinshe, dárya deltasındaǵı jaylasqan qala atıda solay atalǵan. Jáne sol Ibn-Xordabekte 826-827-jılları Xalifattaǵı aymaqlardı, olardan jıynap alıngan (xaradj) salıqlardıń kəlemin bəlek emes al, ulıwma summada esaplaǵan [3,146].
Dıqqat awdarıp qarasaq, qıtay dereklerinde Xorezmdi eki bəlimge bəledi: Xolisimi (házirgi Xorezm) hám Boli. Tábiyǵıy jaqtan qıtay dereklerindegi Boli ataması arab dereklerindegi Kerder ataması menen bir oblastı əzinde sáwlelendirip, hár tárepleme Xorezm menen tıǵız baylanısta bolǵan hám qıtay dereklerinde birlestirip Xo-syun dep atap, joqarıda Ibn-Xordabekte de Xorezm hám Kerder salıqlardı (xaradj) birgelesip qosıp təlegenligi aytıp ətilgen.
Jáne bir keń túrdegi maǵlıwmattı, basqa arab geografı al-Istaxridıń 930-933-jılları jazılǵan "Kitab mesalik al-memalik" atlı miynetinde kəriwge boladı. Bul jerde biz, birinshi márte anıq Kerder atamasındaǵı tap sol atamadaǵı kanaldıń jaǵasında bolǵanlıǵın kəremiz. Al-Istaxri Kerder iyeliginiń ornın salıstırmalı túrde bılayınsha kərsetedi: "Djeyxun hám Kerder aralıǵında Mizdaxkan volostı.." bar. Balkim, bul jerde Kardar təmenindegi kanal názerde

tutılǵan bolıwı kerek. Kerder qalasınıń anıq jaylasqan ornın, Xorezm qalalarınıń arasındaǵı aralıqlardıń jazılıwlarınan kөriwge boladı [4,178-181].

Al-Istaxrige qaraǵanda keńirek maǵlıwmattı, Al-Makdisidiń 985-jıllar átirapında jazıp qaldırǵan "Asxan at-Takasim fi-Marifat al-Akalim" miynetinde kөremiz. Al-Makdisi Kerder qalasına oń tárepten, onıń aytıwınsha Amu-Dáryanıń "Xaytal" tárepinen barǵan. Al-Makdisi bunnan basqa jáne bir Kerderdi, ol shep tárepte "Xorasan" jaǵasında dep aytadı. "Xaytal" táreptegi Kerder ekinshisine salıstırǵanda, kөlemi jaǵınnan úlken hám qorǵan qala ekenligi aytıladı. Bunnan tısqarı Al-Makdisi Kerder kanalı haqqındaǵı maǵlıwmatında, sol kanaldıń boyında Kerder qalası jaylasqanlıǵın aytadı [5,187].

Kerder haqqındaǵı jeterli emes, biraq bahalı maǵlıwmatlardı belgisiz fars avtorı miyneti "Xudud al-Alem" hám Yaquttıń 1224-jılı jazılǵan "Kitab mudjam al buldun" miynetlerinde ushıratamız. Biraq onda Yaqut Xorezmge barǵan waqıttaǵı, yaǵnıy 1219 jılǵı Xorezm haqqındaǵı maǵlıwmatlar keltirilgen.

Bul miynettiń birinshi bөliminde, "Kardar-qalashasında xalq tıǵız jaylasqanlıǵı, ol jerde egislik jerlerdiń bar ekenligi hámde ol jerden sırtqa kөplep qozı terileri alıp ketilgen"ligi aytıladı.

Yakut Kerder tuwralı mınalardı jazadı: "Kardar-ornı Xorezm oblastında yaǵnıy onıń túrkler menen shegarasında jaylasqan. Ol jerdegi jasawshı xalıqlardıń tili túrkshe de, xorezmshe de emes. Ol jerde kөplegen awıllarda pada-pada mallar bar, biraq olar oǵada qáhárli adamlar. Maǵan Ibn-Kassam al-Xabam olar haqqında solay dedi" [6,431].

S.P.Tolstov óziniń "Áyyemgi Xorezm" atlı kitabında birinshilerden bolıp Kerder qalasınıń burınǵı Shımbay rayonindaǵı deltasınıń oń tárepinde jaylasqanlıǵın aytıp ótedi [7,277]. Jańa arxeologiyalıq materiallar tez arada bul jaylasıwdı tastıyıqlap Haywan qalanı Kerder qalası menen teńlestirdi [8,190].

Sońıraq YA.G.Gulyamov "Xorezmniń suwǵarılıw tariyxı" atlı kitabında S.P.Tolstovtıń kóz-qarasına qosılmay, Kerderdi házirgi Shımbay qalasında jaylasqan deydi.

Demek, bunday hár qıylı kóz-qarastaǵı pikirler sońǵı izertlewlerdi talap etetuǵınlıǵı anıq.

Kerder qalasınıń jaylasqan ornı haqqında Xorezmge kelgen jolawshılar al-istoxri hám al-Makdiside mınanday maǵlıwmatlar bar. Al-Istaxri Kerderdi bılayınsha jaylastıradı: "Baslı qaladan (Qıyat) Darjaǵa shekem 2 kúnlik jol, Darjashtan Kurdarǵa shekem bir kúnlik jol, Kurdardan Barategin qonısına shekem eki kúnlik jol" [9,181].

Al-Makdisiy basqa da belgilengen joldı aytıp: "Onda punktler oǵada kóp. Mizdakxannan Darsanǵa shekem 2 pochtalıq toqtap, onnan soń Kardarǵa deyin bir kúnlik jol, onnan keyin Juvikanǵa shekem 2 pochtalıq toqtaw, soń Barotegin qonısına shekem bir kúnlik jol, soń kólge shekem bir kúnlik jol". Al-Makdisdiń basqa belgilengen jolı menen kelisiwge boladı onda "Mizdakxannan Vardorogqa deyin bir kúnlik jol, soń Kardarge shekem bir kúnlik jol" delinedi.

Shıǵıstaǵı xalifat oblastlarında pochtalıq aralıq (berid)-2 farsaxqa teń, al farsax 5-7 km ge teń. Demek, Mizdakxan hám Darsan aralıǵı 20-28 km. teń eken. Oń jaǵadaǵı bunday aralıqta jaylasqan qala bul-Tok qala bolip, onıń qatlamı IX-XI ásirlerge tiyisli. Demek, Tok qala topografiyalıq hám xronologiyalıq jaqtanda Darsan ushın lokalizaciya ornına tuwra keledi.

Al-Makdisi de Darsannan Kerderge shekem bir kúnlik jol delingen. Xalifatta bir kúnlik jol 6-7 farsaxqa tuwra keledi. Demek, Darsan menen Kerder arası 30-49 km ge tuwra keledi. Tok qaladan arqada bunday aralıqta hesh qanday qarabaxana tabılmaǵan. 26-28 km arqada Haywan qala esteligi jaylasqan. Eger al-Istaxri hám al-Makdisidegi jolawshılardıń jolı tuwrı bolǵanda ol Haywan qala menen Tok qala aralıǵın 30 km den kóbirek aralıqtı quraǵan bolar

edi, bunıń izinen aralıqqa qaray otırıp Kerder qalanı Haywan qala menen tolıq lokalizaciyalaytuǵın edik.

Haywan qala deltanıń oń jaǵasında-aq eń úlken qala bolıp tabıladı. Qala betine qorǵannan basqa jáne qala sırtındaǵı bekinissiz úlken maydanǵa da iye. Qazıw jumısları dawamında Haywan qalanıń mádeniy qatlamları IX-XI ásirler menen belgilengen. Biraq ayırım belgiler Haywan qalada VIII ásirge tiyisli qatlamlardıń bar ekenligin anıqlap berdi. Solay eken, Haywan qalanı Kerderdiń sheklengen ornı dep esaplawǵa tolıq haqılımız.

Endi jazba dereklerdegi ekinshi bir belgilengen jolǵa dıqqat awdaramız. Bunda jolawshı Mizdakxan-Vardorog Kerder sızıǵı arqalı júredi. Mizdakaxannan Vardarogqa shekem 1 kúnlik jol, ol 30 dan 49 km menen teń. Mizdakxannan 34-36 km arqa táreptegi aralıqta xalıqlardıń ornalasqan ornı, áyyemgi gúlal ıdıslardıń sınıqları bar. Ol Qrantaw tóbeshiginde jaylasıp, gúlal ıdıslar VI-XI ásirler menen belgilenedi [10,47].

Demek, xronologiyalıq hám topografiyalıq jaqtan Vardarog Krantawda sheklengen bolıwı kerek. Vardarogtan Kerderge shekem jáne bir kúnlik jol ol 30-49 km di quraydı. Qrantaw menen Haywan qala aralıǵı al-Maqdiside 17 km. den aspadı. Qrantawdan arqada da, shıǵısta da 30-49 km. aralıqta hesh qanday qarabaxana joq. Demek, Vardarog hám Kerder aralıǵı al-Makdiside durıs berilmegen degen juwmaq shıǵaramız.

Y.G.Gulyamov Kerder qalasın házirgi Shımbay qalasınıń ornı menen shekleydi. Bul jaǵdayda Vardarogtan Shımbayǵa shekem 49 km, al Darsannan 48 km aralıqtı quraydı. Bul bir kúnlik joldıń eń joqarǵı kórsetkishine teń bolıp, ol haqıyqatqa tuwra keledi. Biraq Shımbayda áyyemgi dáwirge tiyisli hesh qanday tabılmalar joq. Egerde bul jerde áyyemgi qatlamlar bolǵanda, álbette ashılǵan bolar edi. Sol ushında Shımbaydı Kerder menen sheklew qate bolıp esaplanadı.

Endigi másele Kerder kanalınıń shekleniwi haqqında bolıp, al-Istaxri hám al-Makdisi Kerder kanalı dep tuwrı aytadı. Xorezm haqqında birinshi ret 930-933 –jılları jazılǵanı belgili, al Balxi 919-920-jılları, ekinshi 985-jıllar dógereginde Kerder kanalı haqqındaǵı jazılǵan maǵlıwmatlar tolıǵı menen X ásirge tuwra keledi.

## References:

1. Толстов.С.П. Работа Хорезмского археолого-этнографической экспедиции в 1954-1956 гг. МХЭ, вып. 6. М., 1959, стр 32-34.
2. Бартольд.В.В., К историй орошения Туркистана. СПб, 1914, стр.82.
3. Ибн-Хордабек. Китаб месалек ва-л-мемалик. Материалы по историй туркмен и Туркмений (далее МИТТ), т. I, М.-Л., 1939, стр. 146.
4. Ал-Истахри, Китаб месалик ал-мемалик. МИТТ, I, М.-Л., 1939, стр. 179-181.
5. Ал-Макдиси. Асхан ат-Такасим фи-Марифат ал-Акалим, МИТТ, I, М.-Л., 1939, стр. 187.
6. Якут. Китаб муджам ал булдун. МИТТ, I, М.-Л., 1939. стр. 431.
7. Толстов.С.П. Древний Хорезм. –М.: 1948., С. 277.
8. Толстов.С.П. Хорезмское археолого-этнографическая экспедиция 1947 г. т. V. N 2 1948. С. 190.
9. Материалы по истории туркмен и Туркмении. Том I. Под редакцией С.JI.Волина, А.А.Ромаскевича и А.Ю.Якубовского. М.-Л. 1939., С. 181.

10. А.В..Гудкова., В.Н.Ягодин. Некторые итоги археологических работ сектора истории Каракалпакского комплексного научно- исследовательского института в 1958 г. Известия АН Руз. Сер. Общ. Наук. 1960. N 1 стр. 47.

INNOVATIVE ACADEMY